



Pou Piblikasyon Imedya: 19/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON YON PWOJÈ TRETMAN DLO IZE KI KOUTE 55 MILYON DOLA NAN BUFFALO

*Envestisman nan Eta a fè avanse plan Otorite Egou Buffalo a pou amelyore tretman ak redui debòdman egou yo nan Rivyè Niagara*

*Modènize enfrastrikti ansyen an pral ede pwoteje sante piblik la ak anviwònman an*

Nan okazyon 50yèm anivèsè Lwa sou Dlo Pwòp istorik federal la, Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman konstriksyon yon pwojè amelyorasyon dlo ize 55 milyon dola nan Enstalasyon Tretman Dlo Ize Bird Island nan Vil Buffalo. Eta New York ap envesti 55 milyon dola pou finanse pwojè a, ki fè pati plan alontèm Otorite Egou Buffalo (Buffalo Sewer Authority, BSA) pou modènize enstalasyon Bird Island la epi redwi siyifikativman kantite polisyon ki antre nan Rivyè Niagara. Pwojè a pral ede asire dlo ki pi pwòp, ki pi an sante pou tout rezidan yo ak vizitè yo nan Buffalo ak pi gwo zòn Lwès New York la.

"Ansanm nan yon patenarya solid avèk Ajans Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency, EPA) Etazini an, Eta New York ap mete fen nan plizyè deseni dezenvestisman nan enfrastrikti dlo enpòtan ke yo te abandone", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè 55 milyon dola sa a pral enpòtan anpil pou pwoteje sante piblik ak anviwònman nou an, epi li se dènye envestisman nan efò nasyonal nou yo pou modènize enfrastrikti dlo New York la. Administrasyon mwen an pran angajman pou maksimize envestisman dlo pwòp Eta New York san parèy ak finansman istorik nan Lwa sou Enfrastrikti Bipatit federal pou ede pwoteje resous dlo presye nou yo, epi bay yon anviwònman sen pou fanmi, biznis ak kominote nou yo pwospere".

Pwojè a te kòmanse nan yon seremoni nan Buffalo jodi a an patenarya ak Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini an. Evènman an te demonstre angajman New York nan tout peyi a pou envestisman nan enfrastrikti dlo pwòp ak objektif fondamantal Lwa sou Dlo Pwòp, ki te adopte an oktòb 1972, "pou retabli ak kenbe entegrite chimik, fizik ak byolojik dlo Nasyon an".

Kòmansman konstriksyon pwojè sa a se yon etap enpòtan nan pakou Otorite Egou Buffalo pou rezoud vyolasyon Lwa sou Dlo Pwòp depi lontan dapre yon òdonans

administratif Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini an yo te devlope an kowòdinasyon avèk Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la. Enstalasyon Tretman Dlo Ize Bird Island la te konstwi odepà nan ane 1930 yo epi li te modènize nan ane 1970 yo. Pwojè yo anonse jodi a se yon pati nan plan alontèm Otorite Egou Buffalo a pou mete enfrastrikti ki ansyen yo an konfòmîte avèk estanda aktyèl yo. Pwojè sa a pral ogmante kapasite enstalasyon an pou jere evènman gwo lapli ki ka anvayi sistèm egou/dlo lapli konbine Buffalo a. Amelyorasyon sa yo pral redwi dechaj dlo egou ki pa trete ki ale nan Rivyè Niagara. Pwojè alavni yo nan plan an gen ladan pwoesisis tretman dlo egou ki pi solid ak amelyorasyon nan sistèm koleksyon an.

Eta New York te angaje 55 milyon dola nan sibvansyon ak finansman a ki gen kou ki ba pou finanse pwojè sa a, Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal (Environmental Facilities Corporation, EFC) te bay yon sibvansyon 9 milyon dola nan pwogram sibvansyon [Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo](#) a ak yon sibvansyon 9 milyon dola ki soti nan [Fon Woulman Dlo Pwòp Eta](#) a epi Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) te bay 10 milyon dola nan finansman eta ki soti nan pwogram sibvansyon [Pwojè Amelyorasyon Kalite Dlo](#) a. Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal la ap finanse depans ki rete nan pwojè a avèk finansman ki gen yon kou ki ba atravè Fon Woulman Dlo Pwòp Eta a.

Anba direksyon Gouvènè Hochul, Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal ak Depatman Konsèvasyon Anviwònman an te bay plis pase 900 milyon dola nan sibvansyon eta a finanse pou amelyore enfrastrikti dlo pwòp minisipal nan ane ki sot pase a sèlman. Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal la jere pi gwo Fon Woulman Dlo Pwòp Eta a nan nasyon an, kote li te bay plis pase 33.4 milya dola asistans finansye pou minisipalite New York yo pou pwojè dlo pwòp depi 1990.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal Eta New York la, Maureen A. Coleman, te deklare**, "Resous enpòtan ki enkli nan anons jodi a souliye angajman Gouvènè Hochul pou ede asire tout kominate New York yo gen asistans finansye ki nesesè pou antreprann pwojè egou ak dlo potab enpòtan yo. Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal la prevwa plis egzanp siksè pandan n ap asosye envestisman Eta a nan nivo nasyonal sou kalite dlo avèk finansman istorik nan kad Lwa sou Enfrastrikti Bipatit (Bipartisan Infrastructure Law) federal la."

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman ak Prezidan Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal Eta New York la, Basil Seggos, te deklare**, "Depatman Konsèvasyon Anviwònman an bat bravo pou Vil Buffalo paske li fè pwojè ki enpòtan anpil sa a avanse epi li travay nan tèt kole avèk Eta a pou pwoteje kalite dlo rejon an. Avèk resous Eta a nan fòm sibvansyon enpòtan ak prè ki gen yon kou ki ba, Gouvènè Hochul ap demontre yon lòt fwa ankò sipò kontinyèl New York pou amelyorasyon nan enfrastrikti dlo pwòp minisipal yo ki pral fè pwogrè remakab nan amelyore anviwònman an, abita, ak kalite lavi pou Nouyòkè Iwès yo, pandan y ap kreye travay konstriksyon 'vèt' ki byen peye".

**Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare**, "Mwen te defann Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti Bipatit la - avèk kote tankou Buffalo nan lespri mwen - pou finalman fè amelyorasyon enpòtan nan enfrastrikti dlo ize ki ansyen ou yo, asire fanmi Lwès NY yo jwenn dlo potab, epi kenbe jwayo natirèl tankou Rivyè Niagara ak Great Lakes san debòde nan egou. Mwen fyè pou m bay finansman federal la pou modènize enfrastrikti dlo ize Buffalo, epi mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te byen sèvi ak dola federal sa yo pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite, an sante, epi pou yo jwenn travay ki byen peye".

**Reprezantan Brian Higgins te deklare**, "An 1968, apre plizyè ane polisyon endistriyèl, Rivyè Buffalo te pran dife, sa ki te pwovoke tou premye Jounen Latè a kote piblik la te mande chanjman pou bay pwoteksyon pou lè, tè ak dlo pwòp. Gen anpil pwogrè ki fèt depi Lwa sou dlo pwòp la te siyen sa gen 50 ane. Pwojè sa a bati sou pwogrè nou te fè pou netwaye vwa navigab lokal yo epi bay rezidan Buffalo ak Lwès New York yon anviwònman ki pi an sante".

**Senatè Eta a, Sean Ryan te deklare**, "Amelyorasyon nan Enstalasyon Tretman Dlo Ize Bird Island lan reprezante yon envestisman enpòtan nan sante anviwònman lokal nou an ak sekirite Nouyòkè Lwès yo. Lè nou redwi polisyon debòdman egou yo, pwojè sa a pral fè Rivyè Niagara vin pi an sekirite pou aktivite Iwazi epi pwoteje pwason ak bèt sovaj ki abite nan rivyè a".

**Senatè Eta Tim Kennedy te deklare**, "Pwojè istorik sa a pral amelyore anviwònman nou an epi asire estabilite alontèm enfrastrikti tretman dlo ize Buffalo a. Patenarya sa a ant tout nivo gouvènman an se yon bèl egzanp sa nou ka akonpli lè nou travay ansanm epi envesti nan enfrastrikti nou ak anviwònman nou. Felisitasyon a tout moun ki travay di ki te mennen nan jou sa a".

**Majistra Buffalo, Byron W. Brown, te deklare**, "Asire enfrastrikti vil nou an ap swiv rit devlopman epi li enpòtan pou siksè kwasans kontinyèl kominote nou an – Pwojè Reyabilitasyon Sistèm Tretman Segondè 55 milyon dola a nan Enstalasyon Tretman Bird Island Otorite Egou Buffalo a se yon gwo pati nan sa. Mwen remèsyé Gouvènè Hochul ak lòt lidè lokal, eta ak federal nou yo ki te jwe yon wòl enpòtan nan demare pwojè sa a. Amelyore enstalasyon sa a se yon lòt egzanp angajman Administrasyon mwen an pran depi lontan pou rekonstiwi yon Buffalo ki pi solid, ki pi an sante epi ki pi dirab".

#### **Angajman New York pou Kalite Dlo**

New York kontinye ogmante envestisman nan pwojè enfrastrikti pou dlo pwòp yo. Bidjè Adopte 2022-23 Gouvènè Hochul la otorize 1.2 milya dola siplemantè pou yon total 4.2 milya dola pou Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik pwopoze a. Inisyativ istorik sa a, ki dwe pran pa elektè yo pita nan ane sa a, gen ladan finansman k ap modènize enfrastrikti dlo ki ansyen yo epi pwoteje kalite dlo; redwi polisyon nan lè a ak diminye emisyon ki chanje klima; retabli abita yo; ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon; prezèvè espas

deyò ak fèm lokal yo; epi asire ekite nan envesti omwen 35 poustan, avèk yon objektif 40 poustan, nan resous nan kominote defavorize yo.

Anplis de sa a, Bidjè adopte a te gen ladan tou yon lòt 500 milyon dola nan finansman enfrastrikti dlo pwòp, k ap mete total envestisman Eta a nan dlo pwòp nan 4.5 milya dola depi 2017. Li gen ladan tou yon rekò 400 milyon dola nan Fon Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Fund, EPF) pou sipòte inisyativ pou diminisyon chanjman klimatik ak adaptasyon, amelyore resous agrikòl yo pou ankouraje agrikilti dirab, pwoteje sous dlo nou yo, fè avanse efò prezèvasyon yo epi bay opòtinite Iwazi pou Nouyòkè yo.

### **Nou ankouraje Gouvènman Lokal yo patisipe nan ankèt sou bezwen basen vèsan ki pwòp yo**

Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal la rekòmande minisipalite yo pou patisipe nan Ankèt sou Bezwèn Basen Vèsan Idwolik Pwòp Ajans Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency, EPA) Etazini an, ke Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal te lanse nan New York nan 1 mas. Patisipasyon an enpòtan paske li afekte ki kantite finansman federal y ap afekte nan Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp la (Clean Water State Revolving Fund, CWSRF) pou Eta New York pou finanse pwojè enfrastrikti dlo alavni yo. Yo mande minisipalite yo pou dokimante bezwen nan enfrastrikti pou dlo ize kominotè yo pou soumèt bay Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini an. Ale sou <https://efc.ny.gov/needs> pou w soumèt dokiman yo ak pou jwenn resous pou ede avèk soumisyon yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418